

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Kasusastraan téh salah sahiji hasil tina kabinangkitan atawa kasenian. Sastra kaasup kana kagiatan seni ku lantaran sastra mangrupa hasil kagiatan kréatif manusa dina ngedalkeun implenganana ngagunakeun basa (Rusyana, 1982, kc 5). Ku sabab kitu sastra ilaharna disebut “seni sastra”. Seni sastra mangrupa kagiatan kréatif atawa kagiatan cipta nyaéta kagiatan anu ngahasilkeun hal nu anyar ngagunakeun média basa. Iskandarwassid (1996, kc 135) ngabagi wangun karya sastra teh kana tilu bagian, nyaéta (1) wangun lancarana (prosa), (2) wangun ugeran (puisi), (3) wangun paguneman (drama). Dumasar kana warnana, karya sastra anu kaasup wangun lancarana (prosa) di antarana: dongeng, sketsa, carita pondok, roman, jeung novel. Anu kaasup wangun ugeran (puisi) di antarana: mantra (jangjawokan, singlar, asihan, jampé, asihan), kakawihan, sisindiran (rarakitan, paparikan, wawangsalan), sair, pupuh, guguritan, jeung carita pantun. Sedengkeun anu kaasup kana wangun carita (drama) di antarana: sandiwara, opera, jeung gending karesmén. Jadi tandes yén dongéng téh kagolong kana karya sastra. Anapon nu nyababkeun dongéng téh mangrupa sastra lisan, lantaran cara sumebarna anu tatalépa.

Nilik kana papasinganana, wanda dongéng téh kaitung loba. Salah sahijina nyaéta dongéng sasakala atawa carita légenda. Dongéng sasakala téh dongéng anu ilahar dipikawanoh ti jaman baheula. Sasakala mangrupa carita rayat anu dianggap (ku nu boga caritana) minangka hji kajadian nu bener-bener aya. Lumangsungna éta kajadian, dina waktu nu can lila, jeung tempatna di lingkungan nu geus dipikawanoh ku masarakat ayeuna. Dongéng sasakala mangrupa golongan carita anu sumebarna sacara tatalépa, ku balaréa dianggap mibanda dasar kasajarahana atawa sakabéh wanda carita anu geus jadi milik golongan masarakat (Danandjaja, 1984, kc 66).

Sakumaha nu ditétélakeun saméméhna yén loba sastra lisan anu kiwari geus ditulis kalawan sumebarna dina wangun tulisan. Tangtu éta hal téh teu leupas tina pangrojong média-média tulisan kayaning buku, majalah, koran, jeung

internét. Transformasi téks-téks dongéng tina basa lisan kana basa tulisan nyababkeun dongéng-dongéng jadi leuwih babari dipikanyaho ku masarakat, utamana barudak. Salian ti éta, munculna pasualan transformasi téks lisan dongéng kana tulisan téh, minangka tarékah pikeun ngawanohkeun jeung ngingetkeun deui ka barudak alam kiwari anu geus teu diwanohkeun deui kana budaya ngadongéng—sakumaha baheula indung ngadongéng ka budakna. Padahal, upama ditilik leuwih jero, masarakat Sunda téh miboga loba dongéng anu pungsina pikeun ngatik barudak, salah sahijna dongéng sasakala. Kukituna, média miboga pancén anu kacida pentingna pikeun ngawanohkeun deui dongéng-dongéng, salah sahijna dongéng sasakala. Ieu hal dilakukeun sangkan generasi satuluyna teu pareumeun obor dina nyekel tradisi jeung budaya Sunda.

Dongéng sasakala téh saenyana teu ukur kawatesan nyaritakeun kajadian tempat, tapi ogé nyaritakeun asul-muasalna tutuwuhan, sato atawa barang. Dongéng sasakala ogé mangrupa carita anu miboga fungsi pikeun hiburan. Tapi saluareun éta, boh éta dongéng sasakala boh dongéng séjénna, miboga talatah anu karep ditepikeun, utamana patali jeung atikan moral kahirupan. Dongéng ogé miboga ajén-ajén nu jembar pikeun ngarojong proses atikan. Sanajan jalan carita dongéng sasakala loba nu teu asup akal, tapi eusina mah ngeunteung kana kahirupan manusa. Ku sabab kitu, ajén-ajén jeung siloka anu aya dina dongéng sasakala penting pikeun diguar jeung ditalungtik. Utamana ajén atikan dina dongéng anu masih kénéh bisa dilarapkeun dina kahirupan jaman kiwari. Pikeun ngalarapkeunana, tangtu merlukeun *formulasi* jeung alamna.

Kiwari, prosés atikan téh leuwih museur kana aspék kamampuh kognitif siswa bari jeung kurang maliré kana karakter sarta moral siswana. Jadi pantes saupama loba siswa anu pinter sacara akademik tapi teu boga karakter nu hadé. Prosés atikan anu kieu nu nyababkeun siswa teu maliré kana moral jeung adat budayana lantaran leuwih mentingkeun kamampuh akademik. Prosés akademik nu lumangsung leuwih loba kapangaruhan ti luar negeri batan ngalarapkeun ajén-ajén atikan anu aya dina budaya sorangan (Sunda). Hasilna, barudak beuki jauh tina adat jeung budayana, beuki teu wanoh kana tradisina, jeung beuki nyirorot kareueus kana budayana.

Dumasar kana pedaran saméméhna, tangtu perlu pikeun medar jeung ngaguar ngeunaan ajén-ajén anu aya dina dokuméntasi tradisi pikeun dilarapkeun dina prosés atikan jeung kahirupan kiwari. Dina medar éta pasualan, ulikan étnopédagogik bisa maluruh ajén-ajén atikan anu nyangkaruk dina dongéng sasakala. Tapi penting ogé maluruh kumaha struktur nu nyampak dina dongéng. Ieu hal téh penting dilakukeun, sabab ngababarikeun dina maluruh ajén-ajén nu nyangkaruk dina gemblengan dongéng.

Dongéng-dongéng sasakala anu geus ditransfomasikeun kana tulisan tangtu ngarojong guru enggoning nyadiakeun bahan ajar pikeun pangajaran basa Sunda. Dongéng-dongéng anu geus ditransformasikeun diterbitkeun dina média-média cetak atawa éléktronik. Salah sahiji média anu nerbitkeun rubrik pikeun dongéng-dongéng sasakala nyaéta Majalah *Manglé*. Dina Majalah *Manglé* aya rubrik “Dongeng Aki Guru”. Ieu rubrik tinangtu medalkeun dongéng-dongéng keur barudak boh éta dongéng sasatoan, dongéng kahirupan, dongéng babad, boh dongéng sasakala.

Majalah *Manglé* mangrupa média tinulis dina basa Sunda anu geus hirup leuwih ti satengah abad. *Manglé* kalintang babari manggihana, sabab medal saminggu sakali dina sabulan. Nepi ka kiwari Majalah *Manglé* masih kénéh jadi rujukan dina kapentingan literasi bahasa jeung budaya Sunda. Dumasar kana visi Majalah *Mangle* “*pikeun ngamumulé jeung miara basa, sastra jeung filosofi Ki Sunda*”, Majalah *Manglé* mangrupa salah sahiji média anu panceg dina widang jurnalistik Sunda. Kukituna, urang Sunda miboga pancén pikeun ngajadikeun *Manglé* salaku rujukan média Sunda. Kaasup guru basa jeung budaya Sunda nu bisa ngajadikeun Majalah *Manglé* salaku bahan ajar utamana dina pangajaran aprésiasi sastra.

Alwasilah (2006, kc 28) nétélakeun yén pangajaran aprésiasi sastra kudu bisa ngahudang kasadaran, *kepekaan*, jeung ngawanohkeun ajén-ajén kaéndahan tina karya sastra. Dumasar kana éta hal, pangajaran aprésiasi sastra téh kudu ngahudang subjektivitas siswa tur teu ukur ngutamakeun tiori-tiori anu dumasar kana kurikulum. Éta hal téh patali jeung tujuan pangajaran sastra, anu boga karep pikeun ngaronjatkeun kaparigelan siswa dina nganalisis karya sastra. Ieu kaparigelan téh disebut *practical criticism*. *Practical criticism* mangrupa

pangajaran sastra nu meuseur kana aspek pangalaman, lain kaparigelan pikeun ngapalkeun tiori-tiori sastra.

Pangajaran apresiasi sastra Sunda, hususna pangajaran dongéng Sasakala kudu bisa méré pangalaman apresiasi sastra ku jalan ngahudangkeun karep aprésiasi siswa anu satuluyna siswa boga kaparigelan pikeun nganalisis dongéng sasakala jeung bisa manggih ajén-ajén moral jeung atikan anu bisa dilarapkeun dina kahirupan sapopoé.

Dumasar kana pedaran di luhur, ieu panalungtikeun téh bakal ngaguar panalungtikan ngaguar ngeunaan struktur dongéng-dongéng sasakala anu aya dina majalah *Manglé* taun 2014. Salian ti éta, ieu panalungtikan ogé baris maluruh ajén-ajén atikan disawang tina pamarekan étnopédagogik kana dongéng-dongéng sasakala anu medal dina Majalah *Manglé* taun 2014. Hasil tina ieu panalungtikan baris dijadikeun bahan pangajaran maca dongéng di SMP. Kukituna, panalungtik ngajudulan ieu panalungtikan “Dongéng-dongéng Sasakala dina *Manglé* Taun 2014 pikeun Bahan Pangajaran Maca Dongéng di SMP (Ulikan Struktural jeung Étnopédagogik)”

Panalungtikan anu ngaguar ngeunaan dongéng téh nyaéta judulna “*Ajén Budaya dina Dongéng-Dongéng anu aya di Kabupatén Cianjur Pikeun Mekarkeun Atikan Karakter*” dilaksanakeun ku Ratna Shinta Sukowati Suwarto. Panalungtikan séjénna nyaéta dilaksanakeun ku Evi Sulastri anu judulna “*Sastra Lisan anu aya di Sapanjang Walungan Citanduy Kabupaten Ciamis : Ulikan Struktur Jeung Ajén Atikan*”. Panalungtikan lianna dilaksanakeun ku Wiwin Widaniawati anu judulna “*Ajén-Ajén Etnopédagogi dina Dongéng di Kota Tasikmalaya: Ulikan Struktural jeung Hermeneutik*”. Sedengkeun panalungtikan skripsi anu ngaguar ngeunaan dongéng nyaéta dilaksanakeun ku Evi Rahmawati “*Kumpulan Dongéng Sasakala Talagawarna pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP: Tilikan Struktural, Pendidikan Karakter Jeung Sawangan Hirup Urang Sunda*”. Sababaraha panalungtikan anu jadi rujukan nétélakeun ngeunaan struktur, ajén atikan, ajén budaya, jeung ajén atikan karakter tina dongéng-dongéng nu aya di hiji wewengkon sarta tina kumpulan buku dongéng tapi teu acan aya panalungtikan anu ngaguar dongéng-dongéng sasakala nu medal di média massa. Ku kituna, ieu panalungtikan dijudulan “Dongéng-dongéng

Sasakala dina *Manglé* Taun 2014 pikeun Bahan Pangajaran Maca Dongéng di SMP (Ulikan Struktural jeung Étnopédagogik)

1.2 Rumusan Masalah Panalungtikan

Dumasar kana kasang tukang panalungtikan nu geus dipedar saméméhna, masalahana nyoko kana kurang perhatian masarakat kana dongéng-dongéng. Hususna, dongéng sasakala anu aya dina rubrik “Dongéng Aki Guru” nu aya dina majalah *Manglé*. Lian ti éta, ogé tétéla dongéng-dongéng sasakala téh ngandung ajén anu kalintang luhungna. Ku kituna perlu aya hiji panitén anu museur. Sangkan teu lega teuing, ieu masalah téh baris diwatesanan jeung dirumuskeun dina wangun kalimah patalékan ieu di handap:

- 1) Kumaha déskripsi dongéng-dongéng sasakala anu aya dina majalah *Manglé* taun 2014?
- 2) Kumaha struktur dongéng-dongéng sasakala dina *Manglé* taun 2014?
- 3) Ajén étnopédagogi naon waé anu aya dina dongéng-dongéng sasakala dina majalah *Manglé* taun 2014?
- 4) Naha dongéng-dongéng sasakala dina *Manglé* taun 2014 bisa dijadikeun alternatif bahan pangajaran maca dongéng di SMP?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan panalungtikan mangrupa jawaban tina masalah panalungtikan, kusabab kitu tujuan panalungtikan kudu saluyu jeung rumusan masalah sarta prosés panalungtikan.

Tujuan panalungtikan kabagi jadi dua nyaéta, tujuan umum jeung tujuan husus. Tujuan umum nétélakeun singget dina hiji kalimah ngeunaan hasil anu hayang dihontal dina ieu panalungtikan. Sedengkeun tujuan husus mangrupa rumusan anu spesifik nyoko kana patalékan panalungtikan.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nyaéta maluruh dongéng-dongéng sasakala dina majalah *Manglé* pedalan taun 2014.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus tina ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun ngadéskrupsikeun:

- 1) Dongéng-dongéng sasakala anu aya dina majalah *Manglé* taun 2014;
- 2) Struktur dongéng-dongéng sasakala anu aya dina majalah *Manglé* taun 2014;
- 3) Ajén étnopédagogi dina dongéng-dongéng sasakala anu aya dina majalah *Manglé* taun 2014;
- 4) Alternatif bahan pangajaran maca dongéng di SMP.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat panalungtikan nyaéta kagunaan panalungtikan anu dumasar kana hasil panalungtikan. Aya dua mangpaat panalungtikan nyaéta, mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis. Mangpaat tioritis nyaéta mangpaat dina ngamekarkeun pangaweruh. Sedengkeun mangpaat praktis nyaéta pikeun *antisipasi* masalah anu aya dina objek panalungtikan.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan nyaéta ngeuyeuban pangaweruh utamana ngeunaan panalungtikan dongéng-dongéng Sunda sarta bisa dijadikeun rujukan pikeun panalungtikan satuluyna.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis anu kapaluruh dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) Pikeun Guru
Hasil panalungtikan bisa dijadikeun alternatif bahan pangajaran sastra Sunda di sakola.
- 2) Pikeun Siswa
Pikeun pangalaman nganalisis struktur jeung ajén atikan dina karya sastra.
- 3) Pikeun Masarakat
Hasil panalungtikan bisa jadi dokumén sarta sumber rujukan pikeun panalungtikan satuluyna.
- 4) Pikeun Panalungtik
Pikeun nambahan pangaweruh jeung pangalaman nalungtik karya sastra.

1.5 Raraga Tulisan

Hasil panalungtikan dina ieu tésis disusun kalawan sistematis jadi lima bab, nyaéta:

BAB I BUBUKA

Medar hal ihwal anu aya patalina jeung kasang tukang tina masalah nu baris di talungtik, idéntifikasi masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan anu ngawengku mangpaat teoritis jeung mangpaat praktis, jeung sistematika nyusun tésis.

BAB II ULIKAN TIORI

Medar hal ihwal anu aya patalina jeung tiori dongéng, tiori struktural, tiori étnopédagogik, tiori bahan pangajaran maca dongéng.

BAB III METODEDE PANALUNGTIKAN

Medar hal ihwal anu aya patalina jeung desain panalungtikan, métode panalungtikan, sumber data panalungtikan, instrumén panalungtikan, téknik ngumpulkeun data, jeung analisis data.

BAB IV HASIL PANALUNGTIKAN

Medar hal ihwal anu aya patalina jeung deskripsi dongéng-dongéng sasakala dina Majalah *Manglé* taun 2014, hasil analisis struktur dongéng-dongéng sasakala dina Majalah *Manglé* pedalan taun 2014, jeung hasil analisis ajén étnopédagogi dina dongéng-dongéng sasakala dina Majalah *Manglé* taun 2014.

BAB V KACINDEKAN JEUNG SARAN

Medar hal ihwal anu aya patalina jeung kacindekan panalungtikan, implikasi panalungtikan jeung saran.